anokumbirawo kunaMwari.

Usati hauna nzvimbo yakafanira yekunyengetera. Kana kuti ndiyani uchakupa nzvimbo yakafanira kunyengetera. Ishe wedu wakanyengetera mugomo, Peturo pamusoro pemba, Isaka mumunda, Natanieri pasi pomuonde, Jona mudumbu rehove. Saka ndeipi nzvimbo inganzi ndipo panaMwari?

Ungati hauna nguva. Nguva zhinji iripo kana munhu achida kunyengetera.

Nguva ipfupi asi kana munhu achida kunyengetera yakakwana. Danyeri waiva mubati wenyika asi wainyengetera rutatu pazuva. NaDhavidhi waiva mambo wenyika huru asi unoti, “Madekwana nemangwanani nemasikati ndichachema ndichivuvura, iye uchanzwa inzwi rangu.” Mapisarema 55 v 17. Kana uchida nguva, zvirokwazo unoiwana. Ruponeso rwuri pedo newe. Usarasikirwa nenguva uchibvunza. Famba nhasi utore danho rokutanga.

Free Presbyterian Church of Scotland, Zimbabwe Presbytery
9 Robertson Street, Parkview, Bulawayo, Zimbabwe
Tel. 09 62636 / 61902, Email fpchurch@mweb.co.zw, Fax 09 61902

# DANHO ROKUTANGA

NGU J.C. RYLE (1815 – 1900)

Kune vanhu vane matambudziko eruponeso asi havazivi chavangatanga kuita uye pavangatangira. Kwaedza, vanoshungurudzika. Vanonzwa mufaro kana vachipenyerwa mupfungwa. Vanoda kusunungurwa vave vaKristu vechokwadi asi havazivi danho rokutanga. Kana chiri icho chimiro chako zvakanaka kuti ndikuraire, ndikuratidze paunotangira. Ndikuratidze danho raunofanira kutora nhasi.

Danho rekutanga riripo. Panzendo dzose panofanira kuva nekusununguka norugare, uzvidire kufamba uchienda mberi. Rwendo rwaVaIsiraeri vachienda Kenani rwaiva rurefu uye ruchirema. Makore makumi mana akapfuura vasati vayambuka Jorodhani. Vaivapo vakafambira mberi vachibva Ramasesi vachienda Sokuti. Munhu anotanga papi kutora danho rokubuda munyika yezvivi. Unofanira kutanga kunyengetera mumoyo make.

Pazvivakwa zvose pane ibwe rokutanga rekutsigira. Panofanira kuva nekuzungunuswa kwekutanga. Areka yaNowa yakapedza makore zana nemakumi maviri ichivakwa asi pane zuva rokutanga, apo Nowa akatema danda rokutanga rokuvaka. Tembere yaSoromoni yaibwinya asi rakavapo zuva rakateyiwa

nheyo pedo negomo reMoriya. Tinotanga rinhi kuvaka imba yemweya muhana yemunhu?

Sekuona kwangu tinotanga apo munhu anodurura mweya wake kunaMwari achinyengetera. Kana uchishuva ruponeso uye uchida kuziva zvaungaita ndinokurayira nhasi kuti uende kuna Jesu Kristu. Kunzvimbo yechokwadi kwaungakumbira rudzukunuro rwako kuti uponese mweya wako. Umuudze, iye unoti “Huyai kwandiri, handingakurasiyi.” Umuudze kuti uri mutadzi murombo, uye unouya kwaari nekutenda kuruponeso rwake. Umuudze kuti unozvipa kwaari nemoyo wose muruoko rwake, unzwe usiri chinhu, usina tariro uye kuti kunze kwekuti akuponese hauna tariro yeruponeso. Muudze kuti akusunungure pamhosva nesimba rechivi chemabviro. Mukumbire kuti akuregerere uye akusuke muropa rake. Mukumbire akupe moyo mutsva, aise mweya mutsvene muupenyu hwako. Kumbira kwaari tsitsi, rutendo, rudo nesimba rokuva mudzidzi wake nekuva mukunda wake kubva pazuva iroro kusvika nokusingaperi. Famba nhasi utaure zvinhu izvi kunaIshe Jesu Kristu kana une hanya neupenyu hwako.

Muudze iwe nzira dzako nemashoko ako. Kana uchirwara, chiremba akasvika kwauri, unomuudza paunonzwa marwadzo. Kana uchinzwa mweya wako une chirwere, zvirokwazo pane chinhu chaunofanira kuudza Kristu. Usatya nokutenda kwako kuti akuponese nokuti uri mutadzi. Ibasa rinoshamisa raKristu rokuponesa vatadzi. Unoti iye, “Handina kuuya kuzodana vakarurama asi vatadzi kuti vatendevuke”. (Ruka 5.32)

Usanonoka,  uchivona seusingabatsiri, usamirira umwe. Kumira kunobva kumutadzi, mhanya kuna Kristu wakadaro. Wakaipa wakadaro wakafanira kumutsvaga. Urege kuzvinatsa nekugara kure. Usatya nokuti une mutauro wekunyengetera, une inzwi rakanyorova rinodanidzira Jesu akakunzwa. Somukadzi anonzwa kuungudza korusvava rwake saizvozvo Muponesi unetsitsi unonzwa vatadzi. Unonzwa kuungudza kwavo nekupindura kuungudza kwakadai.

Usaneta nokuti mhinduro inononoka. Kana uchitaura, Jesu unoteerera kana achinonoka kupinduro, une zvikonzero kuti avone kana uchirevesa. Ramba uchinyengetera. Kunyengetera kwakareruka kuita nguva dzose: Kutaura naMwari hakudi ruzivo rwedzidzo kana rwemabhuku . Hakudi chinhu kunze kwemoyo wokutenda. Rusvava rusina simba runochema kana rune nzara. Mupemhi naye unotandavadzira ruoko rwake kuzvipo. Haamiriri kutsvaga mashoko akanaka. Nemunhu asina ruzivo